# NEKK FI NGIR DIMBALI LA

**Biro bii Teye Wëy Gaddaay yi bu Ombudusman (OIDO) nekk na ab biro bu taqqul fenn bu wuute ak ICE ak CBP buy ligeey ci toppatoo nit ñi ak fexe ba dundin u ñëpp ñi ñu tëj wala teye ndax mbir um gaddaay ci biir U.S. nekk ci kaaraange.**

Su fekkee ni da nga dund toppatoo wala nekkin bu bon ci diir bi ñu la jappee, OIDO mën na la dimbali. OIDO nekk na ab biro bu taqqul fenn bu Departamaa u Kaaraange u Biir Reew mi—bu wuute ak Takk Der u Gaddaay yi ak Duwaan u U.S. (ICE), Kureel gi yore kaaraange ak duwaan u foronceer i U.S. (CBP), ak santar u tëj—di seetlu nekkin ak dundin gi ci sa biir barab, ak di ligeey ak ay toppatookat u kaa yu ñu taggat yuy ligeey ngir yobbante sa ñaxtu.

Ñaxtu yi ñu dugal ak OIDO da ñu leen di dugal cisutura, te toppatookat u kaa yi du ñu siiwal benn xibaar ci sa wall u kaa te anduloo ci. Wax ak ab toppatookat u kaa u OIDO wala dugal ab ñaxtu du am benn jeexital ci sa kaa u kaddaay wala sa nekkin u aji tëj.

Ngir dugal ab ñaxtu, laajal gise ak toppatookat u kaabu OIDO bu nekk sa barab.Su fekkee ni da ñu la tëj wala ñu japp la te nga mën jëfëndikoo sa tableet, bindul ngir am ab randewu ci suuf u “OIDO” ci biir pacc u “Requests” bi. Sa jaboot, kilay nekkal ci kanam u yoon, walakeneen koo yobbante di na la mën adugal al ñaxtu bi ci sa tur ci dhs.gov/OIDO.

## JAFE-JAFE YI NGA MËN JOTTALI OIDO BOKK NA CI:

- **Fitna ci yaram, xel, wala ci yeg-yeg**
- **Lekk wala paj mu bon**
- **Wanak ak lekkukaay yu amul toppatoo wala ñakk set**
- **Ñakk jot ci jumtukaay u cet (fompukaay, sarbeet, boroos, ay.)**
- **Dëkkin gu naqqari wala ñakk kaarange**

Mën nga itam laaj OIDO ci wall u bepp nekkin bu wacc sart wala nga ñjort ni da ñu jalgati ay tërëlin wala ay sart.